

Fanmi

Yon fanmi Ameriken k ap li ansanm ak kè kontan



Fanmi a travè mond lan fè anpil bagay menm jan. Se konsa yo genyen diferans tou. Ann fè yon ti gade kòman fanmi nan diferan **kilti** viv.

Chak fanmi bezwen yon kote pou rete. Gen fanmi ki viv nan gran vil. Gen sa ki abite nan gwo aptman byen wo. Anpil fanmi tou abite nan menm bilding.

Gen fanmi ki abite prè dlo. Gen fanmi ki abite nan kay ki fèt ak bwa. Yo kenbe kay yo an sekite bò dlo a.

Tout fanmi **pataje** manje. Kilti gen pou wè anpil ak sa nou manje. Fanmi ka manje manje lòt kilti tou. Youn ka **envite** lòt vin manje ak yo.



Yon fanmi k ap manje ansanm

Gen fanmi nan Kore ki manje pwason ak diri. Repa Meksiken yo toujou genyen diri. Nan peyi Itali, yo manje espageti anpil.

Tout fanmi kominike youn ak lòt. Diferan fanmi pale diferan **lang**. Kilti gen pou wè anpil ak jan fanmi pale youn ak lòt.

An Japonè ou ka rele granpè <<ojisan>> (oh-jee-sahn). Ou ka rele granmè <<obaasan>> (oh-baah-sahan).

Nan Afrik di Sid, lè fanmi vizite youn lòt, yo di <<Sawubona>> (sah-woo-boh-na). Sa vle di alo.



Yon fanmi nan Afrik di Sid

Tout fanmi **selebre** ansanm. Nan Zend fanmi yo selebre Diwali.



Fanmi Endyen k ap selebre Diwali

Yo limen yon ranje lanp ki rele Deepa (dee-pah) deyò lakay yo. Nan Etazini fanmi yo selebre Jou Endepans yo.

2yèm Ane

Yo ale nan parad epi nan aswè y al gade fe atifisyèl.

Konvèsayon an kolaborasyon:

Ki kèk bagay ou selebre ak fanmi ou?

Kaye lektè Repons

Nan Kaye Lektè Repons ou, fè yon venn diagram, epi konpare de fanmi nan istwa. Après mete enfòmasyon yo nan yon paragraph.